



KONDISYON POU ELÈV YO ITILIZE APARÈY YO PRETE A

Enfòmasyon elèv la

Non elèv la: _____ # NYCID : _____

Klas: _____ DBN lekòl la: _____

Adrès kay: _____

Vil : _____ Eta: _____ Kòd postal: _____

Nimewo telefòn: _____

Enfòmasyon sou aparèy la

Dat yo livre l: _____ Tip aparèy: _____

Asset Tag: _____ Nimewo seri: _____

Akseswa: _____

Elèv Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) ka resevwa yon aparèy pou yo itilize pou edikasyon yo. Si yo pran bon jan prekosyon ak swen lè y ap itilize aparèy la, aparèy la pa ta sipoze gen domaj fizik. Chak elèv nan klas 6yèm-12yèm ane ansanm ak paran/responsab elèv nan tout nivo klas ta dwe li fòm sa a avèk anpil atansyon, epi paran ta dwe pale sou sa ki nan fòm lan avèk elèv yo.

Elèv dwe itilize aparèy sa yo sèlman pou jwenn aksè nan aprantisaj ak pou lòt itilizasyon akademik. Nou atann pou elèv yo suiv rekòmandasyon ki pi ba yo epi pran nenpòt lòt prekosyon ki fè sans pou pwoteje aparèy la. Elèv yo responsab pou pran swen aparèy la. Règleman yo site nan dokiman sa a la pou kouvri *tout teknoloji* ki disponib, pa sèlman sa yo site yo presizeman.

Lè mwen aksepte ekipman yo mete pi wo a, Mwen menm _____, mwen okouran bagay sa yo:

Swen ak antretyen

- Elèv la/fanmi I responsab pou pran swen ak fè antretyen aparèy la chak jou. Yo dwe repòte bay NYCPS nenpòt domaj oswa si yo volè ekipman an, nan espas yon jou lekòl . Nan ka yo volè yon aparèy, se responsabilite elèv la/fanmi li pou ranpli yon rapò lapolis epi bay lekòl la nimewo rapò lapolis la.
- Kenbe aparèy la yon kote ki ansekirite lè w pa p sèvi avè l.
- Elèv/fanmi ta dwe rapòte pwoblèm yo swa sou entènèt nan Sant sipò (Support Hub) a nan <https://supporthub.schools.nyc/> oswa nan telefone (718) 935-5100. Elèv/fanmi ka rapòte pwoblèm lan dirèkteman bay lekòl la tou. Pa eseye retire, ajoute oswa chanje estrikti fizik aparèy la, tankou touch yo (keys), memwa, batri, ekran (screen), chajè, etikèt idantifikasiyon (ID labels), etc.
- Pote aparèy la avèk swen toutan. Pa depoze anyen sou aparèy la.

Rekòmandasyon pou itilizasyon

Anjeneral, nou atann pou tout elèv itilize bon jijman ak bon sans; pran prekosyon, rete kòrèk, pridan ak janti sou entènèt; pa eseye defèt mezi pwoteksyon teknoloji yo.

Rekòmandasyon sou itilizasyon ki akseptab pou elèv

Elèv dwe:

- Itilize aparèy nou ba yo a sèlman pou gen aksè nan aktivite aprantisaj.
- Suiv menm rekòmandasyon yo pou konpòtman ki respekye, responsab sou entènèt ke nou atann pou elèv yo suiv lè yo pa sou entènèt.
- Byen trete aparèy sa a, epi avèti ekip teknisyen (helpdesk) NYCPS a nan 718-935-5100 si gen nenpòt pwoblèm nan fonksyònman l.
- Konprann ke ekipman sa a se pwopriyete Lekòl Leta Vil Nouyòk li ye epi ou ta sipoze trete l nan sans sa a. Si yo vòlè aparèy la, ou dwe fè yon rapò polis.
- Fè yon pwofesè oswa yon lòt estaf konnen si elèv wè kontni (imaj, mesaj, afich) sou entènèt ki menasan, ki pa apwopriye oswa ki danje.
- Pran prekosyon pou pwoteje sekirite elèv la limenm ak lòt moun.
- Ede pwoteje sekirite resous lekòl la.

Elèv yo pa dwe:

- Eseye kontoune filtè mobil (entènèt) lekòl la.
- Itilize aparèy sa a yon fason ki ta ka danjere onivo pèsònèl oswa fizik.
- Eseye jwenn imaj oswa kontni ki pa apwopriye.
- Patisipe nan atak sou entènèt (cyberbullying), arasman oswa konpòtman derespektan anvè lòt moun. Konpòtman sa yo ap lakozi yo pran sanksyon kont ou oswa ou ka pèdi privilèj yo. Nan kèk ka, cyberbullying kapab yon krim.
- Eseye jwenn mwayen defèt mezi sekirite lekòl la ak zouti filtraj yo.
- Itilize teknoloji lekòl la pou voye imèl spam oswa gwoup imèl.
- Itilize langaj sou entènèt ki ta ka pa akseptab nan salklas la.
- Itilize teknoloji lekòl la pou aktivite ilegal oswa pou chèche enfòmasyon sou aktivite sa yo.
- Eseye pirate oswa ale nan sitwèb, servers oswa kontni ki pa fèt pou elèv itilize.
- Modifye materyèl (hardware) aparèy yon lekòl oswa lojisyl (software) ki enstale sou li.

Sekirite pèsònèl ak konfidansyalite

- Elèv k ap itilize aparèy la pa dwe janm pataje enfòmasyon pèsònèl tankou nimewo telefòn, adrès, nimewo sekirite sosyal, dat nesans oswa enfòmasyon finansye sou entènèt san pèmisyón yon adilt.
- Elèv k ap itilize aparèy la sipoze rekonèt komunikasyon sou entènèt mache avèk risk epi yo ta dwe byen pwoteje enfòmasyon pèsònèl sou tèt yo ak sou lòt moun.
- Elèv k ap itilize aparèy la pa dwe janm dakò pou rankontre yon moun yo rankontre sou entènèt nan lavi reyèl san pèmisyón paran yo. Si elèv wè yon mesaj, kòmantè, imaj oswa nenpòt lòt bagay sou entènèt ki fè yo enkyete pou sekirite pèsònèl yo, yo dwe fè yon adilt konnen imedyatman.

Limit nan responsabilite

NYCPS pa p responsab pou domaj yo fè sou moun, dokiman, done oswa materyèl. Aparèy yo itilize filtraj ak lòt mezi sekirite ak prekosyon, men pa gen garanti sou efikasite yo. NYCPS pa p responsab sou plan finans oswa lòt nivo pou tranzaksyon ki pa gen otorizasyon yo fè sou rezo lekòl la.

Remèt aparèy la- Aparèy sa a se pwopriyete NYCPS li ye epi li gen yon ti aparèy detektè (tracking device) ladan pou yo ka konnen ki kote li ye. Elèv sipoze retounen aparèy lekòl la achte yo nan lekòl ki te bay yo a nan bon kondisyon travay avan yo kite lekòl la (gradyasyon, transfere nan yon lòt lekòl, oswa kite lekòl la yon lòt fason). Elèv sipoze retounen aparèy Biwo Santral te achte yo nan bon kondisyon travay lè yo fin gradye nan Lekòl Segondè oswa lè yo kite NYCPS. Si ou pa sèten si ou gen yon aparèy lekòl la te achte oswa si se Biwo Santral ki te achte l, tanpri kontakte SPOC lekòl ou a.

Lè mwen siyen dokiman sa a mwen rekonèt ke mwen li ak konprann sa ki pi wo a.

Siyati paran (obligatwa): _____ Dat: _____

Non paran: _____

Siyati elèv la (si li aplikab): _____ Dat: _____

Non elèv la: _____

Paj 2 nan 2